



Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH)

Membre de la
fidh

Move fonksyonman lajistis ak sistèm penitansye a : RNDDH mande pou respekte dwa garanti jidisyè yo

11 novanm 2022

1. Pandan ane jidisyè 2021-2022 a, Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH) te founi je gade kijan sistèm jistis la ak prizon yo t ap mache nan peyi a.
2. Pandan ane sila a, anpil eskandal pete nan aparèy jistis la. Anplis, pwosesis pou te rive rann lakou kasasyon ak CSPJ fonksyonèl pat abouti ak anyen. Epi malgre te gen rekòmandasyon pou nonmen oubyen renouvle manda pou 85 jij, zotobre k ap deside yo te chwazi fè swivi pou 54 ladan yo sèlman.
3. Pou pi piti gen 4 mouvman grèv ki te fèt nan aparèy jistis la pou ane a. Ensekirite a te gen anpil gwo enpak sou dewoulman ane jidisyè a tou, pou pi piti gen 10 avoka ak 2 jij ki viktim swa kidnapin, blese ak bal ouswa mouri asasinèn.
4. Yon lòt bò, plizyè jij ouswa komisè gouvènman te patisipe nan vyole dwa moun nan fason yo t ap trete kèk dosye. Men kèk egzansp :
 - Jij depè Nophat Destin nan komin Ennri pran 345.000 goud pou l te ka lage 2 nèg li fin arete paske yo gen zam ki pa legal epi yo te manke touye yon moun ;
 - Jij depè François Colas nan komin Fòlibète te bay youn nan pati ki t ap goumen pou tè yo lòd pou boule byen lòt pati a ;
 - Komisè gouvènman Jean Ernest Muscadin touye pou pi piti 2 moun ki dapre li se ta bandi ;
 - Komisè Norestil Normil bay lòd pou libere pandan 2 fwa Isaac Junior Salvant ki te arete pou blanchiman lajan ak fè fo ekriti ;
 - Komisè Michelet Virgile jwenn arestasyon l apre li te fin bay lòd pou libere 2 moun ki gen men yo tranpe nan trafik zam ak katouch.
5. RNDDH te gade tou kijan kèk gwo dosye ki fè anpil pale te trete pandan peryòd sa. Gen dosye ki nan pakè toujou, gen lòt ki nan kabinè enstriksyon epi genyen ki pa gen jij oubyen ki poko gen jij pou trete yo. Tankou dosye اساسina Diego Charles ak Antoinette Duclair ret bloke nan pakè Pòtoprens ; lòt dosye tankou masak lasalin ak اساسina Jovenel Moïse ap trennen nan kabinè enstriksyon alòske dosye tankou اساسina Mèt Monferrier Dorval ak dosye Widlore Merencourt pa gen jij ki pou mennen dosye sa yo.

Move fonksyonman lajistis ak sistèm penitansye a : RNDDH mande pou respekte dwa garanti jidisyè yo

6. 9 nan 18 jiridisksyon premye enstans peyi a te reyalize asiz kriminèl san asistans jiri. Dapre rezilta disponib ki rive jwenn RNDDH, gen 328 moun ki jije, 67 ladan yo jwenn liberasyon yo epi 194 kondane. Gen 67 lòt prizonnye ki poko konn santans yo.

7. Kontrèman ak tout pwomès zotobre nan lajistis la te fè pou diminye kantite prizonnye k ap tann jijman, rezilta bilan ane sa mèt anpil. RNDDH ap fè nou remake lè ane jidisyè a t ap ouvè nan mwa oktòb 2021 an te gen 82% prizonnye ki tap tann jijman, alòske pandan ane a ap fèmen an, gen 84% prizonnye k ap tann jijman. Sa vle di gen 2% ogmantasyon.

8. RNDDH ap souliye prizonnye yo ap viv nan kondisyon malouk ki fè yo malad epi ki mete lavi yo an danje. Soti janvyè pou rive oktòb 2022, gen 172 prizonnye ki pèdi lavi yo, ladan yo gen 24 ki mouri nan kolera. Anplis, prizonnye yo fè kwachòkò, yo pa gen rekreyasyon epi yo pa gen medikaman paske tout enfimri ki andedan prizon yo vid.

9. Nan sans sa, RNDDH mande otorite lajistis ak penitansye yo pou: Mennen ankèt sou konpòtman aktè nan jistis la ki gen men yo tranpe nan vyole dwa moun; òganize prese prese odyans asiz kriminèl pou kapab diminye kantite moun k ap tann jijman; amelyore kondisyon prizonnye yo pandan y ap jwenn bon manje, medikaman ak kèk moman rekreyasyon; pran bon jan mezi pou sekirize lokal tribinal yo; Epi satisfè revandikasyon tout moun kap travay nan sistèm jistis la yon fason pou diminye kantite mouvman grèv yo.

Move fonksyonman lajistis ak sistèm penitansye a : RNDDH mande pou respekte dwa garanti jidisyè yo